



KONNEN DWA OU YO

Enfòmasyon pou Òganizasyon ak Biznis yo sou Fason pou yo Kominike avèk Otorite Imigrasyon oswa Lapolis

Enfòmasyon sa yo bay konsèy jeneral sou dwa ak responsablite ou genyen lè ajan imigrasyon yo vini nan òganizasyon w oswa biznis ou. Yo **pa** bay konsèy jiridik. Pale ak yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite pou kesyon jiridik sou sitiyasyon espesifik ou a.

Fason pou Konprann Kominikasyon avèk Ajan Imigrasyon yo

Ofisye federal ki fè respektè lwa imigrasyon (tankou U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) oswa US Customs and Border Protection (CBP)) ka vini nan biznis oswa òganizasyon yo pou divès rezon. Lè w konnen dwa ou genyen, sa kapab ede pwoteje òganizasyon w lan, anplwaye yo, kliyan, ak vizitè yo.

Zòn Piblik nan Biznis oswa Òganizasyon Ou An

- Ajan imigrasyon federal yo kapab prezan nan zòn piblik kote piblik jeneral la otorize pou li ye (pa egzanp, antre yo, sal datant, anndan magazen, restoran, oswa pakin).
- Prezans yo nan espas sa yo sèlman pa ba yo otorite pou yo kanpe yon moun, poze yon moun kesyon, kenbe yon moun, oswa arete yon moun espesifik san konsantman, rezon valab, oswa otorite legal tankou yon manda.
- Ou ka etabli règ konsènan zòn ki ouvè pou piblik ak sa ki prive yo, yon fason pou chak moun konnen sa ki otorize pandan vizit yo.

Zòn Prive nan Biznis oswa Òganizasyon Ou An

- Yo konsidere zòn pou anplwaye yo, rezidan yo, etidyan yo, paran yo, oswa lòt moun ki jeneralman pa ouvè pou piblik la tankou zòn prive.
- Ajan imigrasyon yo jeneralman bezwen yon manda valid yon jij siyen pou yo antre nan zòn prive yo san otorizasyon.
- Si ajan yo di yo gen yon manda, ou ka mande pou wè yon kopi epi verifye si se manda lajistis (yon jij siyen) olye de yon dokiman administratif.
- Manda administratif yo (ajans yo bay olye de tribinal yo) pa otorize yo antre nan zòn prive yo san konsantman.

Fason pou Kominike avèk Ajan Imigrasyon yo:

Lè ajan imigrasyon yo vini nan biznis ou oswa òganizasyon w:

- Mande ajan yo poukisa yo la epi ki otorite yo ap itilize.
- Mande pou wè badj yo oswa pyès idantifikasyon ofisyèl yo pou konfime ajans yo.
- Si yon ajan mande pou fouye lokal ou a, ou gen dwa pou w **refize bay konsantman ou** sof si li gen yon manda valab, yon kòz pwobab oswa sikonstans ki ijan.
- Si yon fouy dewoule san otorite ki apwopriye, **pa reziste fizikman**. Olye de sa, di aklè: “Mwen pa bay konsantman pou fè fouy sa a. Mwen vle rete an silans. Mwen vle pale ak yon avoka.”

Resous Adisyonèl

Si ou kwè y ap vyole dwa ou, kontakte yon avoka oswa sèvis polis ki nan zòn ou an. Ou kapab jwenn moun ki bay èd jiridik ak lòt resous enpòtan nan [PA Navigate \(www.panavigate.org\)](http://www.panavigate.org). Annik mete kòd postal ou a epi klike sou kategori Advocacy and Legal Aid (Defans Dwa ak Èd Jiridik) la.

